



VIL CAMBRIDGE

PWOGRAM AGREGASYON ELEKTRISITE KOMINOTÈ LÈT NOTIFIKASYON

22 Out, 2025

Chè Rezidan oswa Biznis Cambridge,

Lèt sa a gen enfòmasyon enpòtan sou bòdwo elektrik ou.

Aktyèlman ou genyen Sèvis debaz Eversource. Sa a vle di Eversource founi elektrisite w, epi Eversource se founisè elektrisite w tou (yo achte elektrisite pou ou).

Sepandan, Vil Cambridge gen yon pwogram elektrisite ki rele **Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge** [Cambridge Community Electricity Program (CCE)]. Nan pwogram sa a, Eversource delivre elektrisite ou, men Vil la chwazi pwòp founisè elektrisite pa l. Vil la te itilize pwogram lan pou devlope yon nouvo pwojè enèji solè nan Cambridge. Lè w patisipe, w ap ede ajoute plis elektrisite renouvlab nan rezo elektrik lokal la.

Si ou resevwa lèt sa a epi ou pa fè anyen, ou pral enskri OTOMATIKMAN nan Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la.

Demann ou pou soti dwe soumèt oswa make avèk so lapòs pa pita pase 24 Septanm, 2025, pou evite anwolman otomatik nan pwogram lan.

Patisipasyon vle di: Eversource ap rete sèvis piblik elektrik ou. W ap kontinye resevwa bòdwo elektrik ou nan men yo epi ou ka rele yo si kouran an koupe. Men, w ap wè Enèji Dirèk ki nan lis sou pòsyon Pwovizyon pou bòdwo Eversource ou a, epi yo pral itilize pri Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge la pou kalkile frè Pwovizyon pou bòdwo w la.

Si ou kalifye pou yon to livrezon a fèb revni oswa asistans pou gaz, ou pral kontinye resevwa benefis sa yo.

Chwazi pou pa patisipe vle di: Eversource ap kontinye founisè elektrisite ou, epi pòsyon Pwovizyon pou bòdwo w la ap rete sou pri Sèvis Debaz Eversource la.

Benefis reyèl pou kominote nou an ak pou ou!

- ▶ **Elektrisite renouvlab, lokal** - Vil la itilize lajan yo kolekte atravè pwogram lan pou ajoute nouvo enèji renouvlab nan rezo a. Patisipasyon pwogram lan te deja finanse yon nouvo pwojè enèji solè sou Graham ak Parks School, ki ap ede diminye enpak sou emisyon gaz a e fè tèmik rezèv elektrisite kliyan CCE yo.
- ▶ **Chwa** - Pwogram lan ba ou twa opsyon: 1) 100% Green Plus, sa ki gen ladann 100% nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA, 2) Standard Green, sa ki gen ladann 50% nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA, ak 3) Economy Green, sa ki gen ladann enèji renouvlab minimòm jan lalwa egziye l. **Ou pral enskri otomatikman nan Standard Green. (Detay yo pa dèyè.)**
- ▶ **Pri ki estab** - Pri pwogram lan p ap chanje jiska Janvyè 2026. Epi pandan ke pri a ka pafwa pi wo pase pri Sèvis Debaz Eversource la, pwogram lan te ekonomize kliyan elektrisite Cambridge yo yon total plis pase **\$36 milyon** dola konpare ak Eversource depi lansman, **menm si ekonomi nan lavni pa ka garanti.**

Pwogram Elektrisite Kominotè

Cambridge

**Nouvo pri apwovizyonman
elektrisite w:**

14.81 ¢/kWh

Sipò Kliyan:

1-844-379-9934

Pa vle patisipe?

Ou pa oblije. Pa gen penalite oswa frè pou soti nan pwogram lan, e ou ka soti a nenpòt kilè.

Si ou chwazi pou pa patisipe, ou pral rete yon kliyan Sèvis Debaz Eversource.

Pou soti anvan ou te enskri, fè youn nan bagay ki annaprè a anvan **24 Septanm, 2025:**

- ▶ Siyen & retounen kat ki enkli a.
- ▶ Soti anliy nan **MassPowerChoice.com/Cambridge.**
- ▶ Rele sipò kliyan nan **1-844-379-9934.**

Opsyon w yo nan Pwogram Elekrisite Kominotè Cambridge

Tablo ki anba a ka ede w deside si w ap rete enskri nan opsyon ou ye kounye a, chanje nan yon lòt opsyon, oswa soti epi retounen nan Sèvis Debaz Eversource la. Pou fè yon chanjman, vizite MassPowerChoice.com/Cambridge oswa kontakte sipò kliyan avèk konsiltan pwogram yo nan Vil la nan 1-844-379-9934.

Opsyon Pwogram Elekrisite Kominotè Cambridge:				Ou pral enskri isit la ▼						Si ou pa vle patisipe:		
	100% Green Plus 100% nan MA Klas I pwojè enèji renouvlab			Standard Green 50% nan MA Klas I pwojè enèji renouvlab			Economy Green Enèji Renouvlab Minimòm lalwa egzije			Sèvis Debaz Eversource Si ou sòti.		
Pri	16.82 ¢/kWh*			14.81 ¢/kWh*			13.82 ¢/kWh*			14.884 ¢/kWh - Rezidansyèl 15.150 ¢/kWh - Ti biznis 12.078 ¢/kWh - Gwo biznis		
Peryòd pri	Enskripsyon - Janvyè 2026			Enskripsyon - Janvyè 2026			Enskripsyon - Janvyè 2026			1 ^{re} Out 2025 – 31 Janvyè 2026, rezidansyèl & ti biznis yo. 1 ^{re} Out – 31 Oktòb 2025, gwo biznis.		
	2024	2025	2026	2024	2025	2026	2024	2025	2026	2024	2025	2026
Elektrisite nan pwojè enèji renouvlab Klas I MA **												
Ajoute pa Cambridge	76%	73%	70%	26%	23%	20%	-	-	-	-	-	-
Lwa eta Egzije I	24%	27%	30%	24%	27%	30%	24%	27%	30%	24%	27%	30%
Total	100%	100%	100%	50%	50%	50%	24%	27%	30%	24%	27%	30%
Elektrisite ki soti nan lòt sous renouvlab oswa pwòp yo**												
Lwa eta Egzije I	38%	36%	39%	38%	36%	39%	38%	36%	39%	38%	36%	39%
Kondisyon pou sòti	Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt kilè. Pa gen chaj pou sòti.			Kite nenpòt ki lè. Pa gen chaj sòti. Sepandan, kliyan gwo biznis yo ka resevwa yon frè ajisteman bòdwo oswa yon kredi.		

* Pri yo enkli yon frè administratif \$0.00075/kWh. Pri yo enkli tou yon frè operasyonèl \$0.002/kWh pou sipòte inisyativ enèji renouvlab nan Cambridge. Pri pwogram yo ka ogmante akòz yon chanjman nan lwa ki lakòz yon ogmantasyon dirèk nan pri materyèl pandan tèms akò ekipman pou elekrisite a.

** Commonwealth Massachusetts egzije pou tout pwodwi ekipman elekrisite yo genyen ladan yon minimòm de 62% nan resous enèji pwòp oswa renouvlab nan 2024, 63% nan 2025, ak 69% nan 2026. Direct Energy dwe achte elekrisite nan pwojè MA Klas I enèji renouvlab ak soti nan lòt sous tankou fatra a enèji oswa nikleyè. Opsyon Ekonomi Vèt la satisfè kondisyon minimòm lan. Opsyon Standard Green ak 100% Green Plus depase li lè yo achte plis elekrisite nan pwojè enèji renouvlab MA Klas I.

Lòt enfòmasyon

Si ou te resevwa lèt sa a epi ou te siyen yon kontra tou avèk yon founisè elekrisite, ou ka te siyen kontra ou dapre lis adrès sa a te kreye. Pou kontinye resevwa elekrisite nan men founisè ou te chwazi a epi anpeche nenpòt frè revokasyon bonè nan men founisè sa a, ou dwe soti nan Pwogram Elekrisite Kominotè Cambridge la.

Si w gen yon kont ki pa gen taks, ou responsab pou w idantifye epi mande yon egzanpsyon nan koleksyon nenpòt taks lè w bay Direct Energy dokiman ki apwopriye pou egzanpsyon taks. Vizite MassPowerChoice.com/Cambridge pou aprann plis.

Si ou gen panno solè sou do kay ou oswa si w patisipe nan yon pwogram solè kominotè, w ap kontinye resevwa kredi solè ak/oswa peman ankourajman solè, epi patisipe nan Pwogram Elekrisite Kominotè Cambridge la p ap chanje fason yo kalkile yo.

Si ou gen nenpòt kesyon adisyonèl, tanpri kontakte sipò kliyan nan 1-844-379-9934 oswa cambridge@MassPowerChoice.com, oswa vizite www.MassPowerChoice.com/Cambridge. Konsiltan yo nan pwogram nou an ap kontan pou yo ede w. Oswa ou ka kontakte Vil Cambridge dirèkteman nan 1-617-349-5323.



Pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge

X _____
Siyati Dat

Enstriksyon Pou w Swiv Pou W Soti

Ou pa bezwen pran okenn aksyon pou w patisipe nan pwogram Elektrisite Kominotè Cambridge.

Si OU PA vle patisipe, ou DWE soti. Pou soti pa kourye:

1. Siyen epi mete dat sou kat sa a.
2. Mete kat la nan anvlòp yo.
3. Bay la epi lage anvlòp la nan lapòs.

Dosye Kliyan ke non l parèt sou kat la dwe siyen sou kat la. Anvlòp la dwe make avèk so lapòs pa pita pase **24 Septanm, 2025**, pou evite enskripsyon otomatik. Ou ka soti tou a nenpòt kilè nan **MassPowerChoice.com/Cambridge** oswa lè ou rele sipò kliyan nan **1-844-379-9934**.